

**Diajar Nulis Téks Rékaan Carita Pondok Ngagunakeun Modél *Assurance, Relevance, Interest, Assessment, Satisfaction (ARIAS)* Ngagunakeun Modél *Googlemet* Online pikeun Siswa Kelas VIII SMP Negeri 40 Bandung Taun Ajaran 2020/2021.**

**Ku**

**Ajeng Puspa Kusumawati  
175030079**

**Ringkesan**

Ieu panalungtikan dilaksanakeun dumasar kana masalah dina kaparigelan nulis. Masalah ieu lumangsung dina siswa anu hésé ngébréhkeun eusi pikiranana dina tulisan. Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho kamampuh nu nulis dina ngarencanakeun, ngalaksanakeun jeung ngaévaluasi pangajaran nulis téks resensi carita pondok ngagunakeun modél pangajaran Assurance, Relevance, Interest, Assessment, Satisfaction (ARIAS); nangtukeun kamampuh siswa kelas ékspérimén dina nulis téks resensi carita pondok ngagunakeun modél ARIAS dibandingkeun jeung kelas kontrol Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun ngawengku; pustaka, uji coba, tés, jeung observasi. Sedengkeun tina hasil panalungtikan, panulis mampuh ngarencanakeun pangajaran ku cara meunangkeun skor 3,8 anu kagolongkeun sae pisan sarta dilaksanakeun jeung dievaluasi pangajaran ku cara meunangkeun skor 3,65 anu kagolong sae pisan. Kamampuh jeung hasil siswa kelas ékspérimén leuwih luhur batan kelas kontrol rata-rata peunteun pre-test 52,5 jeung rata-rata peunteun post-test 80,5. Hasil diajar siswa kelas ékspérimén ngaronjat leuwih luhur batan di kelas kontrol ku cara nempo hasil Mann-Whitney Test (Gain) anu kabukti signifikansi 0,003, sabab nilai signifikansi kurang ti 0,05, hipotésis panalungtikan ditarima

***Sanggem:*** Nulis, téks resensi carita pondok, ARIAS